# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ब्राजील के रियो डी जेनेरियो में आजु राति सुरू हो रहल ब्रिक्स शिखर सम्मेलन में हिस्सा लीहें। सम्मेलन क उद्देस्य सदस्य देसन के बिच्चे सहजोग के बढ़ावा दीहल हौ। सतरहवां ब्रिक्स शिखर सम्मेलन में वैस्विक सासन सुधार अउर जलवायु परिवर्तन से जुड़ल चुनौतियन के अलावा अउरियो मुद्दन पर चरचा होई।

सम्मेलन के दौरान प्रधानमंत्री मोदी कई नेता लोगिन के साथे चरचो करिहें। दुन्नो देसन के बिच्चे प्रगाढ़ कार्यनीतिक संबंधन के बारे में प्रधानमंत्री ब्राजील क राष्ट्रपति इनासियो लुला डी सिल्वा के साथे चरचा करिहें। ब्राजील पहुंचले पर प्रधानमंत्री क भव्य स्वागत कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

***ब्राजील में काफी अरसों से बसे भारतीय मूल के लोगों ने आज प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी का जोरदार स्वागत किया। आस्त्रा लाइट नाम के ब्राजिलियन गायकों ने ओम उच्चारण और तिरंगा फहलाते हुए मोदी–मोदी की गुंज के साथ भारत माता की जय के नारों के साथ उनका स्वागत किया। प्रधानमंत्री मोदी ब्रिक्स सम्मेलन में भाग लेंगे और उसके बाद अन्य बैठकों में भी भाग लेंगे। सुधीन्द्रा, आकाशवाणी समाचार, रियो डी जेनेरो ब्राजील।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु स्वतंत्रता संग्राम सेनानी अउर प्रख्यात शिक्षाविद् डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी क जयंती पर लखनऊ में उनके मुरती पर माला चढ़ा के उन्हें यादि कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी क पूरा जिनगी भारत क एकता अउर अखण्डता बदे समरपित रहल हौ। एक देस एक प्रधान एक विधान अउर एक निसान क उनके सपना के आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी साकार कइ रहल हवें।

**********

प्रदेस में पौधरोपण महाअभियान दो हजार पचीस में नौ जुलाई के प्रदेस सरकार नया कीर्तिमान बनावे क लक्ष्य तय कइले हौ। येहमन नौ जुलाई के एक्के दिन्ने सैंतीस करोड़ पौधा लगावल जाई। येह लक्ष्य के लेके मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कई बेरि बइठकी कइ चुकल हवें। पौधरोपण महाअभियान में जन सहभागिता पर सरकार क विसेस जोर हौ। एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश सरकार द्वारा पौधरोपण महाअभियान दो हजार पचीस को जनसहभागिता के साथ अभूतपूर्व बनाने के लिये जोरदार तैयारियां की जा रही हैं। इस महाअभियान में जनप्रतिनिधियों, विद्यार्थियों, किसानों, अधिवक्ताओं, राजकीय कर्मचारियों, चिकित्सकों, स्वयंसेवी संस्थाओं सभी की भागीदारी सुनिश्चित कराने का प्रयास किया जा रहा है। सरकार का लक्ष्य है कि जनसहभागिता से एक दिन में सैंतीस करोड़ पौधरोपण का लक्ष्य हासिल किया जाय। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं रीतेश।***

**********

प्रदेस सरकार गो–वंस क संरक्षण अउर किसानन के आरथिक रूप से मजबूत बनावे बदे मुख्यमंत्री सहभागिता योजना सुरू करे जा रहलि हौ। एहमें किसान एक से चारिले गो–वंस गोद ले सकिहें। अइसन किसानन के आवासीय परिसर में मनरेगा के ओरि से व्यक्तिगत पसु आश्रय स्थल बनावल जाई। सथहीं लघु बायोगैस यूनिटो लगावल जाई। उत्तर प्रदेस गो–सेवा आयोग क बिसेस कार्याधिकारी डॉक्टर अनुराग श्रीवास्तव बतवलें कि सरकार के येह पहल से ग्रामीण अर्थव्यवस्था मजबूत होई।

**********

पवित्र सावन महिन्ना में प्रदेस के कई जगहिनि से निकारल जाये वाला कांवड़ यात्रा के ले के प्रसासन अउर पुलिस की ओरि से पुरहर तइयारी कइल जा रहल हौ। मिर्जापुर में कांवड़ियन क सुरक्षा अउर सुविधा बदे पुलिस खास योजना तइयार कइले हौ। वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक सोमेन वर्मा बतवलें कि कांवड़ यात्रा राहि पर सज्जो गतिविधियन पर नजरि रक्खे बदे ड्रोन कैमरा लगावल जइहें। ओहीं कांवड़ियन क सहायता अउर मार्गदरसन बदे दस गो प्रमुख जगहिनि पर सहायता केन्द्र बनावल जाई। येह केन्द्रन पर कांवड़ियन के पियले क पानी, प्राथमिक चिकित्सा अउर बिसराम क सुविधा उपलब्ध करावल जाई।

**********

मुहर्रम क दसवीं तारीख यानी यौमे आशूरा पर आजु प्रदेस भर में ताजिया जलूस निकारल गइल। येह जलूसन में नौजवान लोगि कई करतबो देखवलें। गोरखपुर महानगर क सज्जो इमाम चौकियन पर बइठावल गइल ताजियन के साथे आजु अकीदतमंद जलूस निकरलें। पहिली मुहर्रम से सुरू भइल महफिलनक समापन दसवीं मुहर्रम के कुल शरीफ क रस्म के साथे भइल। लखनऊ, अयोध्या, जौनपुर, बलरामपुर के सथहीं सज्जो जिलन में दसवीं मुहर्रम पर जलूसन के समाप्ति पर ताजियन के कर्बला में दफनावल जा रहल हौ। यौमे आशूरा पैगम्बर मोहम्मद साहब क नवासा हजरत इमाम हुसैन अउर उनके साथियन क सहादत के यादि में मनावल जाला। दसवीं मुहर्रम क जलूस के ले के प्रदेस भर में सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम रहे।

**********

प्रदेस के पच्छिमी इलाका के कुछु जिलन में आजु हल्लुकाहे बरखा भइल जबकि पूरबी जिलन में मौसम सामान रहल। हलांकि मौसम विभाग अगिला तीनि दिन खातिर पूरबी जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा क अलर्ट जारी कइले हौ। बीतल दिन भइल बरखा के नाते कुछु जिलन में नदियन क जलस्तर बढ़ि गइल हौ। मिर्जापुर में गंगा नदी क जलस्तर में औसतन सवा सेंटीमीटर प्रतिघंटा क बढ़ोत्तरी हो रहल हौ।

**********